БҮГИН ПАЙТАХТЫМЫЗДА ОБЛАСТЬЛЫҚ XXXIII КОМСОМОЛ КОНФЕРЕНЦИЯСЫ АШЫЛАДЫ!

Барлық еллердиң пролетарлары, бирлесиңиз!

ЖАС ЛЕНИНШИ

Газета 1931 жыл 13 февральдан шыға баслады. ◆ ӨЗБЕКСТАНЛКСМ ҚАРАҚАЛПАҚСТАН ОБКОМЫНЫҢ ОРГАНЫ ◆ БАҲАСЫ 2 ТИЙИН

Жаслар форумын қутлықлайды

КОМСОМОЛ—МЕНИҢ ТӘҒДИРИМ

Комсомол—мениң тәғдирим. Мен өз өмиримди оннан бөлип қараған емеспен. Ҳәзирги күнлери де комсомолецлеримиздиң бизлерден арасында хабар алып турғанына бираз кеўлимиз толып кокирегимиз көтерилип қалады. Өйткени бүгинги жасларымыздың бизлердей комсомол ветеранларын жийи еске алыўы, ҳүрмет етиўи—комсомолдағы жақсы дәстүрлердиң даўам етип атырғанынан дәрек береди. Комсомол өзи басып өткен машақатлы ҳәм даңқлы жолда көп жақсы нәрселерге еристи, тарийхта өз қолтаңбасын қалдырды. Әлбетте, көп нәрсени жоғалтқаны да көпшиликке мәлим. Бул жолларда Қарақалпақстан комсомолының да өз орны бар. Буған менде өз үлесимди қосқаным менен мақтана аламан.

Бизиң қарақалпақ қызлары арасынан шыққан биринши комсомолкаларымыз санаўлы, Жумагүл Сейитова, Мырзагүл Досымбетова ҳаққында сорасаңыз, жаслардың билмеўи мүмкин емес. Бизлер болсақ олардың избасарларымыз. Бүгинлигинде бизлердиң өтмишимиз жасларға сабақ болып ибрат алмақта.

Ол жыллар... Ҳақыйқатында да қыйын соқпақларға толы еди. Бизлерде тап сизлердей жас болғанбыз. Бирақ жаслық жылларымыз урыс ўақтына туўра келди. Мен 1938-жылы Шымбай районында Ленин комсомолы қатарына кирдим. Сонлықтан да бизлердиң алдымызда жуўапкершиликли ўазыйпалар турды. Бирақ турмыс бизиң буйрығымызға көнеме? 1941-жылы ел басына аўыр қайғылы күн туўып немец-фашистлери бәримизди жыллы уямыздан қозғады. Менде 7 классты питкерип жумысқа араластым. Урыс басланыўдан аўылдағы Киров колхозында (ҳәзирги У. Юсупов совхозы) табелши болып иследим. 1942 жылы Киров МТС ына комсомолдың сиясий бөлими баслығының жәрдемшиси болдым. Сол жылы КПСС ағзалығына кандидатлыққа қабыл етилдим. 1944 жылы Куйбышев районлық (ҳәзирги Кегейли) комсомол комитетиниң биринши секретары етип сайланды...

Мен соңғы ўақытлары партия, хожалық жумысларында басшылық хызметин атқарсамда тиккелей өз өмиримди, комсомол менен байланыслы деп билдим ҳәм комсомолдың ҳәр қандай ислеринде қолдан келген жәрдемимди бердим. 1946 жылы Өзбекстан Ленин комсомолының X съездине қатнастым. 1949 жылы Москвадағы жоқары партия мектебине оқыўға түсип, оны питкергеннен соң партия, хожалық жумысларында иследим.

Мен қай жерде ислесем де, өзимди тәрбиялаған комсомолға жәрдемимди бериўге умтылдым. Ҳәзир де мудамы жаслардың қоршаўындаман. Комсомолға миннетдаршылығым шексиз.

Бүгин Қарақалпақстан комсомолецлериниң үлкен форумы —басланып атыр. Мен оның жумысына табыс тилеймен, комсомол өзиниң жаўынгерлигин және де арттыра берсин!

Ал, жасларға ҳеш қашан қыйыншылықтан қашпаң, адамларға мийримли болың, аспаныңыз ашық болсын деймен.

ҚУТЛЫҚЛАЎ

Ҳүрметли делегатлар! Сизлерге ата-аналарымыздың қаҳарманлық дәстүрлерин даўам еттириўде ҳәм елимиздеги социалистлик жәмийетимизди қайта қурыў исинде бәрқулла жеңиске ерисиўиңизге тилеклеспен.

Қарақалпақстан областьлық XXXIII комсомол конференциясының жумысына табыслар тилеймен.

Ж. ТӘЖИМУРАТОВ,
Нөкис қалалық партия комитетиниң бөлим баслығы, ВЛКСМ ның XX съездиниң делегаты.

Бүгин республикамыз комсомолецлериниң үлкен форумы XXXIII комсомол конференциясы өз жумысын баслайды. Буған гүллән районлардың мийнет алдыңғылары комсомол активистлери қатнасыўға миясар болмақта. Делегатлар бул конференцияда комсомол алдында турған үлкен проблемаларды, ўазыйпаларды шешеди.

Сиз көрип турған сүўретте: делегатлар оңнан солға қарай Қ. Арзиев Г. Нурымбетова, К. Абдимуратов, А. Атажанов, М. Жарманова, Г. Есимбетовалар өз пикирлерин ортақласпақта.

Ж. ЖАҚСЫМУРАТОВтың түсирген сүўрети.

Конференция минбери

ОЙЛАНАРЛЫҚ БИР ЖАҒДАЙ

Мен областьлық комсомол конференциясына делегат болып сайланған пайытымда комсомол хызметкери ағның № 5 кәсип-техникалық училищеси комсомол комитетиниң секретары едим. Бүгинлиги болса, область комсомолецлериниң бул үлкен форумына «бурынғы» комсомол хызметкери сыпатында қатнасайын деп отырман. Неге дегенде, мен енди басқа жумысқа, училище директоры орынбасары лаўазымына өттим. Өзимниң бундай мәртебеге ерисиўим комсомолға деген исенимимнен, оның абыройының көтерилип киятырғанынан деп ойлайман. Соның ушын да мен комсомолдан миннетдарман ҳәм оның абыройы ушын елеберин хызмет етемен. Енди мен областьлық комсомол конференциясының бир делегаты сыпатында, комсомол ҳаққындағы өзимниң айырым ойға түйип жүрген пикирлеримди ортаға салайын.

Мениң пикиримше, ҳәр бир делегат, қайсы кәсиптиң ийеси болыўына қарамай комсомолец-жаслардың үлкен жыйнағы алдында өзөзиңе есап бериўи, комсомолдың келешеги, оның абыройы ҳаққында шынтлап бас қатырыўлары шәрт. Дурыс, бурынлары бундай салтанатларға делегатлардың таныслилислик себепли, жалған мәртебе сыпатында қатнасқанлары сыр емес. Лекин бүгин комсомолецлердиң ертеңи ҳәм абыройы үлкен сынақ үстинде турған бир пайытта, конференция делегатлары аса жуўапкерли болып исшеңлик пенен қатнасыўлары керек. Тилекке қарсы, бизиң комсомолец-жасларымыздың басым көпшилигине сол исшеңлик, белсендилик жетисе бермейди. —Мен буның себебин жасларымыздың билиминиң, сиясий ҳәм мәдений саўатының төменлигинен деп билемен. Мектепте 8 классты питкерип училищемизге оқыўға келген оқыўшылар арасында ҳәтте аты жөнин дурыслап жаза алмайтуғынларды көплеп ушырасатуғынлығы буның дәлийли бола алады. Усы жерде мынадай;— районлық комсомол комитетлерине орта мектеплерде оқыў-тәрбия жумысларын қадағалаў орнатыўда артықмаш ҳуқық берилсе екен?—деген бир пикирди айтып өтпекшимен.

Әлбетте, комсомолдың абыройына мектеп партасында тийкар салынады. Деген менен соңғы ўақытларда көплеген мектеплерде комсомол жумысларының өзи болаДылыққа салынып, жүзеки болып кеткени анық. Бирақ, биз ВЛКСМ қатарын тийкарынан мектеп оқыўшылары есабынан ғана толықтырып баратырғанымызды ҳеш қандай умытыўға болмайды. Солай екен, ең дәслеп мектеплердеги комсомол жумысларын жақсы жолға қойыў керек. Мектеп партасында қәлиплескен комсомолға деген берик исенимниң паянлы болатуғыны дағысыз. Әттең, мениң бир байқап жүрген нәрсем, соңғы жылларда училищемизге мектеплерден келип атырған оқыўшылар арасында ВЛКСМ ағзаларының саны кем-кемнен азайып баратыр. Мысал ушын 1988 жылы оқыўға келгенлер арасында 60 тан аслам ВЛКСМ ағзасы болған болса, өткен 1989 жылы қабылланған 200 оқыўшыдан тек 30 ы ВЛКСМ ағзасы еди. Бул делегатларды ойландырыўы керек,—деп ойлайман ҳәм конференция жумысына табыслар тилеймен.

Б. АМАНБАЕВ.
Шымбай қаласы.

ДЕЛЕГАТ УСЫНЫС ЕТЕДИ

Пирбай ҚАЙЫПНАЗАРОВ—Тақыятас «Гидроэнергострой» комсомол шөлкеминиң секретары.

Областьлық комсомол конференциясының өткерилиўи ҳаққында азы-кем усыныс билдиргим келеди.

БИРИНШИДЕН; Республика комсомолларының ең жоқарғы органлары комсомол дың абыройын көтерип, оның жумысын жанландыратуғын илажлар ҳаққында өзиниң ой-пикирлерин ортаға салса екен. Себеби жоқарғы органларға ең тәжирийбели ҳәм актив комсомолецлер сайланады.

ЕКИНШИДЕН; кейинги ўақытлары жаслардың көпшилиги сиясат пенен аз қызыққанлығы себепли биздерди депутатлыққа кандидатларымыз да азайды. Сол ушын конференцияда жасларды сиясий саўатландырыў мәселелери қаралғаны талапқа сай келеди. Соңғы пикирим, областьлық комсомол конференциясынан кейин областьлық комсомол комитети ағзалары республика комсомол-жасларының арасында жийи болып, олардың социаллық турмысы, мийнет етиў ҳәм жасаў шараятлары менен жақыннан танысса ҳәм усылар тийкарында белгили бир нәтийжеликке ерисилсе комсомолға деген исеним артар еди.

Таярлаған;
Б. САПАРОВА.

БИЛИМ—АБЫРОЙ ТӘРЕЗИГЕ ТЕҢ ТАРТЫЛСЫН

Дилярам НУРЫМОВА—Әмиўдәрья районындағы Әл-Беруний атындағы орта мектептиң 10 класс оқыўшысы.

Ҳәр қандай иске әдил баҳа бериў ушын оның соңғы нәтийжеси есапқа алынатуғыны ҳәммемизге мәлим. Усы принципти басшылыққа алып мен өзим тәлим алып атырған мектепте ҳәм районымызда оқыўшыларға билим бериўдиң дәрежеси қалай екенине сизлердиң дыққатыңызды аўдармақшыман.

Мектебимиз өз өмир баянын 1984 жылы баслады. Өткен бес жылда оны 323 оқыўшы питкерип шықты. Мектеп директорының берген мағлыўматы бойынша бес жылда усы 323 оқыўшыдан 37 оқыўшы жоқары оқыў орынларына, ал 33 оқыўшы техникумларға оқыўға кирген. Қалған 253 оқыўшының тағдири не болды? 89 мұғаллим он жылда мәмлекет қалтасынан орта есаптан 429 мың 336 манат мийнет ҳақы алып, берген нәтийжеси усы ма? Бул 70 оқыўшы 323 оқыўшыға салыстырмалы процентке айландырғанымызда барлығы болып зорға 23 процентти қурайды. Демек 77 процент оқыўшы жалған тыянақлы билим алған болып шығады.

Усы жерде айта кететуғын бир нәрсе —бизиң мектебимиз районымыздағы ең алдынғы, үлгериўи жоқары мектеплерден есапланады. Егер усылай болатуғын болса онда басқа мектеплерде оқыўшыларға билим бериўдиң жағдайы және де төменирек екенин сөзсиз аңлаўға болады. Лекин бул жағдай тек бизиң мектебимизге, бизиң районымызға ғана тийисли емес. Бул факт те ҳәммеге мәлим.

Мектеплеримизде билим бериў неге бундай аўҳалға түсип қалды? Мениңше буның бирқанша себеплери бар. Олардан ең баслыларынан бири—оқыўшылардың сайыз билимлилиги, оқыў процессиниң жеткиликли дәрежеде қадағаланбаўы, соңғы нәтийже ушын жуўап бериўдиң яки баҳаланыўдың жоқлығы ҳәм билимлендириўдиң материаллық-техникалық базасының төменлиги. «Айды етек пенен жаўып болмайтуғынындай ақ» бул кемшиликлерди де ҳәзир ҳешкимнен жасырып болмайды. Тамыр-таныслық пенен күн көрис ушын мектепке араласып, соңынан пединиститутлардың дипломларына сырттан оқып ийе болған, ал шынында педагоглық қәбилети жоқ, мектеп сабақлығы көлеминде ғана билимге ийе муғаллимлердиң кейинги жыллары мектеплерде көбейип кеткенлиги бүгинлиги сыр емес. Сақаллары өскен, галстукларын дурыслап таға алмайтуғын, сабақларын бөлип сигарет шегип келетуғын мугаллимлерден билим күтиўге бола ма екен?! 5—6 классларда өз фамилияларын жаза алмайтуғын оқыўшылардың барлығын орайлық баспа сөзде, республикалық баспа сөзде бирнеше мәртебе жазды. Жол ҳәрекети қағыйдасын бузған айдаўшыға штраф салынады, және қайталаса транспортты басқарыў ҳуқықынан айырылады. Ал елимиздиң болажақ азаматын билимсиз қалдырып, оның тағдирин ермеклеген «устазға» штрафта салынбайды, шара да көрилмейди. Мениңше бул жердеги сыр устаз деген ҳүрметли сөздиң ҳәмме оқытыўшыға бирдей қолланылыўында болып отыр. Устаз деген ҳүрметли сөз мениңше шәкиртлерине шын мәнисинде илим, тәлим берген, олардың сүйиўшилигине ерискен мугаллимлерге ғана айтылғаны орынлы болар еди.

Оқыўшылардың кем билимли болып атырғанының баслы себеплеринен бири республикалық халық билимлендириў министрлиги, районлық халық билимлендириў бөлимлери хызметкерлериниң, мектеплердиң басшыларының оқыў процессин дурыслы қадағаламаўынан, муғаллимлердиң сабақларына тез-тез кирип турмаўынан болып отыр. Бул жумыс көбинесе жүзеки, қағазда ғана исленетуғын болса керек. Сабақларына жақсы таярланып келип, тереҢ билим беретуғын муғаллимлерде, ҳәттеки планда жазбай туппа-туўры той-садақадан шығып келип жүзеки сабақ өтетуғын мугаллимде бирдей мийнет ҳақы алады. Буған ким айыплы? Әлбетте билимлендириў тараўының дүзилиси ҳәм оның басшылары.

Бизиң оқыўшыларымыз ушын компьютерлер ертектегидей әрман. Ҳәзирге дейин бизиң бары—жоғы көргенимиз микрокалькулятор ғана. Еки—үш жылдан берли оқыўшылардың өзин-өзи басқарыўы туўралы көп сөз болып атыр. Бизиң мектебимизде де оқыўшылар комитети дүзилген. Оның баслығы мектептиң педагогикалық советиниң ағзасы. Айтайын дегеним, оқыўшылар комитетиниң роли ҳәзирше сезилмей атыр. Жоқарыда айтқан кемшиликлерди сапластырыўы бойынша ол тәсир жасай алмайды, шешимде қабыл ете алмайды. Бизиң тәртибимиз еле жоқарыдан шешиледи. Елеге дейин план жазбай келип сабақ өтетуғын муғаллимниң сези-сөз.

Бүгинги жаслар елимиздиң келешеги, қайта қурыўды жуўмақлаўшылар. Сонлықтан да оларға тереҢ, тыянақлы билим бериў керек. Бул ўазыйпаны иске асырыў ушын мен оқыў-тәрбия процессин үш басқышлы қадағалаў-баҳалаў орнатыўды, ҳәр классты 15-20 оқыўшыдан комплектлеўди усынар едим.

1. Мектептиң комсомол, пионер шөлкемлери, оқыўшылар комитетиниң ағзалары оқыў-тәрбия процесси бойынша өз жуўмақларын шығарыў ҳәм оны районлық, республикалық билимлендириў тараўларына бериўге, олардан жуўап алыўға, муғаллимлердиң сабақларына кириў ҳәм оларға баҳа бериў ҳуқықына ийе болса.

2. Барлық пәнлер бойынша секциялары бар оқытыўшылардың сабақ өтиўлерин қадағалап баратуғын ата-аналар комитетлери дүзилсе. Олар мектеп, билимлендириў басшыларынан ғәрезсиз жумыс алып барса ҳәм өз жуўмақларын районлық, республикалық халық билимлендириўи тараўларына берсе, олардан тийисли жуўап алыў, қәлеген пайытында муғаллимлердиң сабақларына кириў, анализлеў ҳуқықына ийе болса.

3. Районлық халық билимлендириў бөлими барлық мектеплерди айына бир мәртебе, ал республикалық комитет жылына еки рет фронталь қадағалаўдан өткизсе, штраф салыў енгизилсе, оқыўшыларға берген билимине қарай айлық ҳақы ҳәр қыйлы болса жоқарыда атап өтилген кемшиликлер сапластырылған болар еди. Мениңше, бул шаралар муғаллимниң абыройын түсирмейди, керисинше ҳақыйқый билимли, өз исине ықлас қойған устаздың абыройы және де арта түседи.

СӨЗ—ОБЛАСТЬЛЫҚ КОМСОМОЛ КОНФЕРЕНЦИЯСЫНЫҢ ДЕЛЕГАТЫ ҲАҚҚЫНДА

АТЫЗ БАСЫНДАҒЫ ОЙЛАСЫҚ

Мақсетбай азан менен атыз басына жыйналған бригаданың ағзаларына қарап былай деди:

— Қәне аўылласлар! Ҳәммемиз жәмленип өз алдына бригада болдық. Бир жағадан бас, бир жеңнен қол шығарып, белди беккем буўып, аўыз биршилик пенен мийнет етейик. Бригадамыз бойынша ҳәр гектар жерден 22 центнерден зүрәәт жетистириўимиз керек. Бул мүғдардағы зүрәәт атызлардан әнейилик пенен қолға киргизилмейди. Хабарыңыз бар, жер жыл сайын шорланып, қунарлығы қашып баратыр. Минекей, атыз топырағының шырайы бурынғыдай емес. Мақсетбай қолы менен жерден бир қысым топырақты алып жыйналғанларға көрсетти.

Механизатор, ВЛКСМ ағзасы Құрбаназар Ерназаров ҳәммеден бурын:—мен Мақсетбайдың пикирине қосыламан—деди.—Қәй ўақытта да ойласық пенен исленген истиң ақығы жемисли болады. Маған қандай жумыс тапсырса ықыда орынлаўға барлық жигеримди жумсайман. Бәҳәрде шигит егиў, жазда ғаўашаларға культивация етиў, қарық жарыў, алтын гүзде терилген пахталарды пунктке тасыў усаған жумысларды мениң мойнымда болсын.

Ендиги сөз гезеги ВЛКСМ ағзасы Юсупбай Хожасовқа келди: —Мен бригаданың әпиўайы рабочийсыман. Ғаўашаны жабайы шөплерден тазалаў, суўғарыў жумысларын өзиме бериң. Бул жумыслар мен қашшаннан қанықпан. Мениң әкем атайы дийқан адам—деди қолына усланған белин жерге шаншып.

Бригаданың басқа ағзалары да сөзден бос қалмады. Ҳәммеси де жигерли мийнет етиўге, планлы тапсырманы артығы менен орынлаўға өз ўәделерин берди. Бул 1989 жылдың басындағы Мақсетбай Серекеев басқарған комсомол-жаслар бригадасы ағзаларының атыз басындағы иске кирисер алдындағы ойласығы еди.

Мақсетбай Серекеев бригадирлик ўазыйпаға кирисместен бурын Куйбышев атындағы совхоздың бөлим баслығы еди. Ол өз тилеги менен комсомол-жаслар бригадасына бригадир болыўды қоледи. Бригада ағзалары үлкен исеним менен атызларда аянбай мийнет етти. Пахтаға болған ықлас, ҳадал мийнет, маңлайдан тамған маржан тер жыл ақығында өз жемисин берди. Бригада ағзалары өткен жылдың пахта тапсырыў планын совхозда алдыңғылар қатарында 115 процентке шекем орынлады. Ҳәр гектар жерден алынған өним 25 центнер ден туўра келди.

Бул табысларды қолға киргизиўде шебер шөлкемлестириўши жердиң тилин билген бригадир М. Серекеевтиң, сондай-ақ атыз жумысларында ислеген гүзде шебер, бармақларынан пахта ханалаРында ойнатқан көп килограммшылардан Гүмшагүл Қалийлаева, Гүлзабийра Хожамуратова ҳәм басқалардың да салмақлы үлеси бар.

Бригада ағзалары быйылғы жыл ушын да жерлерин егиске таярлап атыр. Шигит егилетуғын атызлар ғоза пайдан тазартылып, шүдигарланды. Ҳәзир атыз басларына тележка менен жергиликли тоғын тасылып атыр. Бригада ағзаларының быйылғы жыллар шеги өткен жылғыдан кем емес. Кегейли районлық XXXVIII комсомол конференциясының делегатлары Куйбышев атындағы совхоздың комсомол-жаслар бригадасының бригадири Мақсетбайды Серекеевти бир аўыздан областьлық XXXIII комсомол конференциясына делегат етип сайлады.

Х. САПАРОВ.

ЖАСЛАР ЖЕТЕКШИСИ, ОЛ КИМ?

Барлығы мийнеттен басланады

Ҳәммемизге белгили жақында ғана районлық ҳәм қалалық комсомол комитетлериниң конференциялары өз жумысларын тамамлады. Өзөзинен мәлим болып отырғанындай бизиң қатарымыздан кимдур кетти, кимлердур келди. Олар кимлер? Олар комсомолдан қандай себеплерге байланыслы кетти. Ол өзи комсомолда болған ўақытлары нелер ислеп үлгерди? Нелерди ислеўге үлгермеди? Ал, жаңадан қатарымызға қосылып атырғанлар кимлер? Олар алдағы ўақытлары жағдайды жақсылаў ушын не ислемекши? Мине, усы мақсетте бизиң арнаўлы хабаршыларымыз районларда болып олардың айырымлары менен гүрриңлести.

Бүгинги сәўбетлесимиз районлық комсомол комитети жас секретарьлары—бөлим баслықларының бири, областьлық XXXIII комсомол конференциясының делегаты Аққыйбат Көбенова. Оның Шоманай районлық комсомол комитетиниң секретары болып сайланғанына бар-жоғы еки айдай ўақыт болды...

— АҚҚЫЙБАТ, ДӘСЛЕП ӨЗИҢ ҲАҚҚЫНДА ЕКИ АУЫЗ АЙТЫП ӨТСЕҢ?

— Районда ғы Әжинияз атындағы орта мектепти табыслы тамамлағаннан кейин Ташкенттеги Энгельс атындағы педагогикалық шет тиллер институтына түсип оқыдым. Институтты 1988-жылы тамамлап, туўылған үлкеме келип бир жыл мектепте өз кәсибим бойынша иследим. Кейин азғана ўақыт районлық комсомол комитетиниң оқыўшы—жаслар бөлиминиң инструкторы, соң мине секретарыман. ВЛКСМ ағзасыман. Ҳәзирше өмир баяным ҳаққында қысқаша усы.

— ӨЗИҢИЗГЕ МӘЛИМ СОҢҒЫ УАҚЫТЛАРЫ КОМСОМОЛ КРИЗИСЛИК ДӘУИРДИ БАСТАН КЕШИРИП АТЫР. ОҒАН ЖЕКЕ КӨЗ ҚАРАСЫҢ ҚАНДАЙ? БИЗ БУЛ ПАЙДА БОЛҒАН ЖАҒДАЙДАН ҚУТЫЛА АЛАМЫЗ БА?

— Ол ырас. Ҳәтте, оны биз комсомол хызметкерлери ҳәр бир қәдемимизде сезип атырмыз. Сол ушында жаслар бизге исенимсизлик билдиреди. Ең қорқыныш лысы оларда бийпәрўалық басым. Себеби, олардың бойындағы бундай қәсийетлер мектептен баслап тәрбиялан ған...

— ОЛ АЙТҚАНЫҢЫЗДА ЖАН БАР. ОНЫ ҲӘММЕМИЗДЕ ТҮСИНЕМИЗ. БУЛ ТУЎРАЛЫ АЙТЫЛЫПТА, ЖАЗЫЛЫП ТА АТЫР. БИРАҚ, СОЛ ЖАҒДАЙДАН ҚАЛАЙ ҚУТЫЛЫЎ КЕРЕК. БУЛ ЖАҒЫ ЖУМБАҚЛЫҒЫНША ҚАЛЫП КЕЛМЕКТЕ.

— Мениң айтпақшы болғанымда сол еди. Мине, бизиң районымызды алып қараң. Оқыўшылар қандай мектеплерде оқып атыр, оларға туўдырылып берилип атырған мүмкиншиликлер талап дәрежесине жуўап бере ме? Ал, оларға кимлер жетекшилик етпекте? Көрип отырғаныңыздай келептиң ушы армандa жатыр. Егер оның екинши ушын таппақшы болсаң бир-бирине шырматылып атырғанының гүўасы боласаң...Бизден бурын ислеп кеткенлердиң өзимизге қалдырған «мийрасы» усы. Бизиң пайымызға «қыйратылғанларды» қайта тиклеў тийип отыр. Машақатлы жумыс. Деген менен ол солай екен деп қол қаўсырып отырыўға болмайды, ҳәрекет етиў керек.

— КОМСОМОЛ ЖЫЙНАЛЫСЛАРЫНА ҚАТНАСЫП ҚАЛСАҢ БАРЛЫҚ ЖУМЫСЛАР ЖАҚСЫ ЖҮРИП АТЫРҒАН СЫЯҚЛЫ ЛЕКИН...БУЛ ЖАҒДАЙ ӘСИРЕСЕ БИЗИҢ РЕСПУБЛИКАМЫЗҒА ТӘН НӘРСЕ. БУНЫ БИЗ ОРАЙЛЫҚ БАСПА СӨЗЛЕРДЕ ЖӘРИЯЛАНЫП АТЫРҒАН АЙЫРЫМ МАТЕРИАЛЛАРҒА ҚАРАП АНЫҚ СЕЗИУИМИЗГЕ БОЛАДЫ. ӨЙТКЕНИ, БАСҚА ЖЕРЛЕРДЕ ЖАСЛАРДЫҢ АЛҒА УМТЫЛЫУШЫЛЫҒЫ, ЖАҒДАЙДЫ ЖАҚСЫЛАЎҒА ИНТАСЫНЫҢ БАР ЕКЕНИ КӨРИНИП АТЫР. БИЗДЕ ЖАҒДАЙ НЕ УШЫН УСЫЛАЙ?

— Бул жерде мен кәсиплеслеримниң кеўлине тийиңкиреп жуўап бериўиме туўра келеди. Өйткени, бизде еле де болса жоқарыдан көрсетпе күтиўшилик басымырақ. Комсомолға, әсиресе орынлардағы комсомол шөлкемлерине өз бетиншелик жетиспейди. Бул жерде ҳәм жоқарыда айтылған пикирлерге айланып келиўге туўра келеди. Ҳәзир аныўына келгенде сол өзлеримиз ислеспекши болып отырған комсомолецлер кимлер? деген сораўды кескин қойыўымыз керек. Олар сол мүмкиншиликлери, аз; тар класcларда оқыған әўелден тар пикирлеўге үйренген оқыўшылар... Сол ушында биз жумысларымызды мектеп комсомолының жағдайын жақсылаўдан баслаўымыз керек. Себеби, барлық нәрсе мектептен басланады. Оларды шынлыққа, кемшиликке маўасасыз болыўға үйретиўимиз керек. Ал ҳәзирше тилекке қарсы оған ерисе алмай атырмыз. Көпшилик мектеплерде комсомол жумысларын алып барыў ушын бөлмелер ажыратылмаған. Пионерлер ушын ажыратылған бөлмелер тар, суўық ҳәм патас. Олар ушын пионер ҳәм комсомол жумыслары бойынша ана тилинде жазылған көрсетпе қураллар жоқтың қасында. Жетекшилерди сайлаў ҳәм тастыйықлаў ислери илгерилердегисинше интасына қарап емес, анкеталық мағлыўматларына қарап жүргизилмекте. Мениңше пайда болған жағдайдан қутылыў ушын биринши гезекте турмысымызда пайда болған соң унамсыз системаны бузып, ҳақыйқый революция ислеўимиз керек. Бундай өзгерислер ҳәзирги ўақытта комсомол ҳәм оның абройы ушын оғада зәрүр. Ал, революция болыў ушын бул уллы мақсетлер жолында жан пидә ететуғын ҳақыйқый гүресшеңлер керек. Тек сонда ғана жағдай жақсыланыўы мүмкин...

Гүрриңлесиўди БУХАРБАЙ ТИЛЕЎМУРАТОВ жүргизди.

Автордың түсирген сүўрети.

Конференция минбери

Бизиң арнаўлы хабаршымыз А. Жолдасова Нөкис районындағы Тельман атындағы совхозда болып совхоз баслаңғыш комсомол шөлкеминиң секретары областьлық комсомол конференциясының делегаты Шульман Зульфия Мойсеевна менен гүрриңлесип қайтты.

— Зульфия комсомолдың абыройын көтериў ушын нелер ислениўи керек деп ойлайсыз?

— Комсомолдың ҳәм комсомол комитетлериниң абыройын көтериў бизиң ҳәр биримизге байланыслы. Бул ушын баслаңғыш шөлкемлер өз жумысларын қайта қурыўы, былайынша айтқанда тик аяққа турғызыўы керек. Мысалы мен өз шөлкемимизде абыройлы болыўым ушын шөлкемдеги жаслардың ҳәр бириниң турмысын жақсы билиўим керек. Олар алдында ислеймен деп ўәде еткен ҳәр бир исимди орынлаўым шәрт. Сонда ғана олар маған исениўи мүмкин. Жаслардың исеними болмаған жерде абырой ҳаққында айтыўдың кереги жоқ деп ойлайман. Комсомол комитетиндегилер болса бюрократлықтан кабинетлик системадан қашыўы тийис. Буйрық бериў аңсат, ал, оны орынлаўға жағдай барма жоқпа? Мине усыны да ойланған жөн. Баслаңғыш шөлкемлер буйрыққа емес жәрдемге, қоллап-қуўатлаўға мүтәж. Бизлер еледе комсомолға басшылық етиўди үйрениўимиз тийис.

Жақында болып өткен районлық комсомол конференциясынан көп нәрселерди күткен едим. Бирақ көпшилик шығып сөйлеўшилер бул мәселеге итибар бермеди. Мен областьлық комсомол конференциясында делегатлардың бул мәселе бойынша активлик көрсетиўин қәлер едим.

— Сиз районлық конференцияда областьлық конференцияға делегат болып ҳәм ревизиялық комиссия ағзасы болып сайландыңыз, бул бойынша нелер ислемекшисиз?

— Дурыс мен бирде қарсы даўысқа ийе болмастан делегат ҳәм ревизиялық комиссия ағзасы болып сайландым. Бул меннен көп нәрселерди ислеўди талап етеди. Буны конференциядан соң конкретлестириўим керек. Жәнеде мен ойлаған бир нәрсе, баслаңғыш комсомол шөлкемлериниң жумысларын көтериў, басқалардың тәжирийбелерин үйрениўим керек.

Дурыс бир ўақытлары бизге комсомол қатарына бир жылда пәлен адам алыныўы керек. Мынадай проценти рабочий болсын, оқыўшы жаслар қалған процентин қураўы тийис деген жоқарыдан буйырықлар келетуғынын билемиз. Ҳәзир бул нәрселер сапластырылды. Демек биз комсомоллардың санына емес, сапасына көбирек итибар берип атырмыз. Мениңше еледе комсомолға қабыллаў ўақытлары ҳәр бир жастың жеке қызығыўшылығы, комсомолға деген позицияларын тереңирек үйрениўимиз тийис. Сонда ғана биз комсомолдың атына дақ келтирмеўге ерисемиз. Комсомол қатарын ҳақыйқый патриотлар менен толықтырамыз.

Райхан Нарымбетова Нөкис консерва заводында рабочий болып ислеп атыр. Ол жаслар арасында үлкен абройға ийе. Райхан өзине тапсырылған жумысларды кеўилдегидей атқарып айлық, кварталлық планларын мудамы артығы менен орынлаўға ериспекте. Сонлықтанда ол XXXIII областьлық комсомол конференциясына делегат болып сайланды.

СҮЎРЕТТЕ: XXXIII областьлық комсомол конференциясы делегаты Р. НАРЫМБЕТОВА.

Ж. ЖАҚСЫМУРАТОВтың түсирген сүўретлери.

КОНФЕРЕНЦИЯДАН КОНФЕРЕНЦИЯҒА ШЕКЕМ

ЦИФР ҲӘМ ФАКТЛЕР

★ Областьлық комсомол шөлкеминиң есабында 1988 жылдың 1 январына шекем 183513 ағзасы есапта турған болса, 1990 жылдың 1-январына шекем 180299 болды. Соннан 1987 жылы ВЛКСМ қатарына 16991, 1989 жылы 18510 жас қабылланды.

★ 1987 жылы пахташылық тараўында 259 комсомол-жаслар бригадасы болса, 1989 жылы бул бригадалардың саны —200 болды. Салыгершиликте 1987 жылы комсомол-жаслар бригадасы 55 болса, 1989 жылы 43 ке жетти. Мәкке шиликте 1987 жылы 54 комсомол-жаслар бригадасы дүзилсе, 1989 жылы усындай бригадалардың саны 52 болды.

★ Қарақалпақстан областьлық студентлер отрядының составында 1987 жылы 1598 жаўынгер, 1988 жылы —1280, 1989 жылы 1289 жаўынгер болып, олар автономиялы республикамызда, Коми АССР ында, Астрахань областының қурылыс шөлкемлеринде, аўыл хожалық тараўларында жигерли мийнет етти.

ӨзЛКСМ обкомының комсомоллық жолламасы менен Пүткилсоюзлық комсомол қурылысларына 1987 жылы 74 адам, 1988 жылы 81 адам жиберилди. Сондай-ақ Өзбекстан республикасындағы ылғаллы комсомол қурылысы болған «Еш гвардия» полиграфкомбинатына, Ташкент областының Бекабадтағы қурылысына да бир неше жаслар кетти ҳәм олар жигерлилик пенен мийнет етип атыр.

★ В. И. Ленин атындағы областьлық пионер шөлкеминиң тийисли жылдың 1 октябрине шекемги саны; 1987 жылы пионер дружиналары 587, пионер отрядлары 5613. Барлық шөлкемлер—145846. Ал, 1989 жылы пионер дружиналары 599, пионер отрядлары 5817. Ҳәмме шөлкемлер — 153093.

★ Автономиялы республика оқыўшыларының мийнет бирлеспелери; оқыўшылар өндирислик бригадаларының саны 1987 жылы — 146, мийнет ҳәм дем алыс лагери —131 болған болса, өткен жылы оқыўшылар өндирислик бригадасы —76, мийнет ҳәм дем алыс лагерьлериниң саны 37 ге жетти.

★ Соңғы жыллары өндиристе қолға киргизген табыслары, илим жетискенликлери ис жүзинде қолланғаны ушын бирнеше жаслар Пүткилсоюзлық Ленин комсомолы сыйлығының лауреатлары болды. Олардың қатарында балық санааты Мойнақ өндирислик бирлеспесиниң расфасовщицасы С. И. Тилеўмуратова, «Қарақалпақводстрой» қурылыс монтажлаў трестиниң Кегейли участкасының скреперши бульдозершиси Д. Х. Сапаров жолдаслар бар. Сондай-ақ бирнеше жаслар Өзбекстан Ленин комсомолы сыйлығының лауреатлары да атанды. Хожаметов Қуўатбай—Нөкис районы «Россия» совхозының комсомол-жаслар бригадасының бригадири, обком комсомолдың ҳәм районлық комсомол комитетиниң Ҳүрмет грамотасы менен наградланды. Ношиев Сәрсен —Шоманай районындағы Гагарин атындағы совхоздың комсомол-жаслар бригадасының бригадири, социалистлик жарыстың жеңимпазы болды.

★ Әдебият, искусство, журналистика ҳәм архитектура тараўында театр искуствосы, живописьлик мийнетлери, концерт атқарыўшылық хызметлери, қосық намалары, шығармалары, телеочерк дүркинлери ушын бир неше жаслар Қарақалпақстан Ленин комсомолы сыйлығының лауреатлары болды. Олардың қатарында К. С. Станиславский атындағы қарақалпақ мәмлекетлик комедия ҳәм драма театрының актеры Б. Алланиязов, художник Г. Әбдирахманова, қосықшы К. Сержанов, шайырлардан Ш. Аяпов, С. Ибрагимов, режиссер Қ. Төренияэов, композитор Ш. Пахратдийнов, художник безеўши И. Жолымбетов жолдаслардың исми атаўға болды.

Сөз—конференция делегаты ҳаққында

Нәзик саўсақлар

Ольга кишкене ўақытларынан баслап-ақ искусствоға қызықты. Оның анасы—медик, әкеси—шофер болыўына қарамастан үйде бос ўақытларында олар ҳәрдайым музыка шертип, қосықлар айтатуғын еди. Соның тәсири болса керек, қызы Ольгада пайтахтымыздағы А. С. Пушкин атындағы орта мектептиң екинши класында оқып жүрген ўақытларында Глиэр атындағы музыка мектебине қатнай баслады. Ол жерде көп ғана қәнийгели устазлары оған музыка шертиўдиң әлўан сырларын үйретти. Музыка мектебин 1987-жылы табыслы тамамлағаннан соң искусствоға деген ықлас, сүйиўшилик оны пайтахтымыздағы Ж. Шамуратов атындағы искусство училищесине қарай жетеледи. Ҳәзир ол усы училищениң 2 курсында фортепьяно бойынша тәлим алмақта.

Биз Ольганы достары менен фортепьяно алдына жыйналып, гезектеги сабаққа таярланып атырған ўақытында ушыраттық. Ол ашық минезли, ҳақ кеўил қыз екен. Сонлықтан да, ески таныслардай тез әлпимиз алысып сөйлесе басладық. Мен оның атқарыўында бир нама еситким келетуғынлығын айттым. Ол қарсылық етпеди.

Қой көзлери дөңгелек ғана сары сынлы сулыўшық қыз фортепьяно алдында пайда болды. Оның нәзик саўсақларының избе-из ҳәрекети нәтийжесинде дөреп атырған сүйкимли нама ырғақлары ҳәммениң кеўиллерин өзине бәнт етип алды. Курслас достары да айырықша ықлас қойып тыңлап отыр. Ольганың барлық дыққат, итибары нама ырғақлары менен есилип кеткендей, кирпиклери тез-тез қағылып, кеўиллерди бәнт еткен сүйкимли наманы бар ынта, уқыбы менен шертип атыр. Оның атқарып атырған бул музыкасы композитор Григтиң «Импровизация» шығармасы еди. Нәзик бармақлардың сүйкимли ҳәрекети әсте-әсте тосаңлап, музыка жуўмақланды. Соң ол бизге;—Классикалық музыкаларды жақсы көремен,—деди толып-тасып.—Олардың арасында Бах, Моцарт, Григ, Шопен ҳәм тағы басқалардың шығармаларын сүйиспеншилик пенен атқараман. Әсиресе, Шопенниң шығармалары менен Бахтың сюиталары қатты унайды. Классикалық музыкалардан тысқары эстрада қосықларына да қызығаман.

— Аўа, Ольга эстрадалық қосықларды атқарғанда қарайсаңла турсаң,—деп гәпке араласты оның курслас досты Екатерина Плотникова. —Оның даўысы сондай жақсы, эстраданың ҳәзирги ўақыттағы ең жақсы деген қосықларын шеберлик пенен атқара алады.

— Лекин, тилекке қарсы бизиң училищемизде елеге шекем вокаль әсбаплары жоқ,—деп оның сөзин жалғастырды курслас досларының бири Ольга Жиганова, —Республикамыздағы бирден бир искусство қәнийгелерин таярлайтуғын арнаўлы оқыў орны болған училищемизде музыка әсбаплары жетиспейди. Бизде талантлы жаслар көп. Ҳәттеки, олар өзлери музыка шертип, өзлери намалар шығарады, қосықлар атқарады. Ал, жоқарыдағыдай проблемалар олардың талантының ҳәр тәреплеме раўажланыўына тосқынлық жасайды.

Қызлар ҳақ гәпти айтты. Ольга оларды мақуллады.

— Гәплериңиз дурыс қызлар. Бул туўралы тийисли орынлар ойланып, бир иләжын ислер. Лекин, сизлер достыңыз Ольга туўралы не айтасыз? деп сорадық биз олардан.

Рита ТӨЛЕПОВА; —Ольга жақсы қыз. Маған унайды. Оқыўда ҳәм жәмийетлик жумысларда бәрқулла алдыңғы қатарда. Сонлықтан да, бизлер оны ең үлгили курсласымыз ретинде мақтаныш етемиз.

Екатерина ПЛОТНИКОВА;— Комсомол активисти, училищениң турмысына актив қатнасады. Жаслар менен тез тил табысып кете алады. Курсымызда ҳәм училищемизде өзиниң инициативалылығы, уқыбы ҳәм таланты менен айырықша көзге түсип жүр. Училище комсомол комитетиниң бюро ағзасы, комсомол комитети секретарының орынбасары

Ольга ЖИГАНОВА;—Курсымыздың мақтанышы. Талантлы сазенде. Адамгершиликли, әдепли қыз. Активлиги ҳаққында айтылды ғой. Қалалық комсомол комитетиниң ағзасы екенлигин де естен шығармаўымыз керек.

Биз оған досларының берген сыпатламаларын еситкен соң Ольгадан бир-еки сораўға жуўап алыў ушын оған қарадық. Ол досларының берген баҳаларына кишипейиллик ҳәм уялшақлық пенен қатнас жасап, көзлери күлимлеп үнсиз отыр еди.

— Ольга ҳәзир комсомолдың жумысын жанландырыў ушын не ислеў керек?

Ол ойланып қалды. Ойшаң, көзлерин бир ноқатқа қадап, салмақлылық пенен былай деди;

— **Бириншиден,** тәртип болыў керек. Тәртип бар жерде барлық жақсы ҳәм унамлы ислер болыўы мүмкин. **Екиншиден,** комсомолға инициативалы ҳәм бир сөзли принципиал жетекшилер керек. Мәселен училище мысалында айтатуғын болсақ, ҳәзирги комсомол комитетиниң секретары Д. Худайбергенова жоқарыда мен сыпатлаған жетекшилердиң топарына киреди. Әне, сондай жетекшилер болғанда ғана, комсомол ҳәр бир жастың кеўлинен шығады, олардың проблемаларын шешиўде ҳәм комсомолдың абыройын көтериўде унамлы нәтийжелерге ериседи.

— Егер сизге областьлық комсомол конференциясында сөз берилсе не айтар едиңиз?

Мени көбирек студентлер проблемасы ойландырады. Олардың стипендиясы аз. Материаллық жақтан тарығып жасайды. Бир айда алған стипендиясы сол ўақыт ушын аўқатланыўына да жетпейди. Нәтийжеде бул олардың терең билим алып, өз қәнийгелигин ийелеўине кери тәсирин жасайды. Мәселен, педучилище студентлери 45 манат алса, бизлер 30 манат аламыз. Бул да теңлик емес. Усылар туўралы бир шешимге келетуғын ўақыт жеткен жоқ па?

Ҳақыйқатында да, Ольганы толғандырып жүрген бул мәселе барлық студентлердиң де жүрек түпкирлериндеги айтажақ сөзлери екенлигине гүман жоқ. Бул ҳаққында Пүткилсоюзлық студентлер форумында да сөз болды. Бәлким, жаслар арасында ҳүрметке бөлениўиниң себеби де оның усындай конкрет талапларды қоя билиўинде ҳәм жаслардың жүрегиндеги сөзлерди айта билиўинде болса керек. Биз сөз етип отырған сазенде қыз Ольга Чабан Нөкис қалалық XXVIII комсомол конференциясында қалалық комсомол комитетиниң ағзасы ҳәм областьлық XXXIII комсомол конференциясының делегаты болып сайланды. Бул үлкен исеним оны өз ўазыйпасы ҳәм мақсетлери жолында тағы да жуўапкерлирек болыўға рухландырады.

...Мине, ол және пианино алдына барды. Нәзик саўсақлар клавишлар үстинде ойнап атыр...

Г. НУРЛЕПЕСОВА.

Конференция алдынан

10 январь күни пайтахтымыздағы Жас өспиримлер театрында Областьлық комсомол конференциясының ашылыўы мүнәсибетине байланыслы Қарақалпақстан АССР мәдений министрлиги, Қарақалпақстан АССР областьлық комсомол комитети, халық творчествосы ҳәм мәдений ағартыў жумысларының республикалық илимий-методикалық орайы тәрепинен шөлкемлестирилген Өзбекстан ССР ҳәм Қарақалпақстан АССР ының 65 жыллығына ҳәм Ленин комсомолының туўылған күнине арналып халық творчествосы Пүткилсоюзлық III фестивалы шеңберинде өткерилип атырған автономиялы республикамыздың районлары ҳәм қалалары көркем ҳәўескерлери коллективиниң жуўмақлаўшы концерти берилди.

Көркем ҳәўескерлердиң концерт программасын Қарақалпақстан АССР мәденият министри Нәжиматдин Мухамеддинов кирис сөз бенен ашты ҳәм усы көзден өткериўге үлкен таярлықлар менен актив қатнасқаны ушын район ҳәм қалалардың ҳәўескерлер коллективине мақтаў қағазлары менен бирге баҳалы сыйлықлар тапсырды. Сондай-ақ, областьлық комсомол комитетиниң секретары Ахмет Ибрагимов қатнасып комсомол комитети тәрепинен шөлкемлестирилген мақтаў қағазларын тапсырды.

Соң республика бойынша зоналлық Елликқала, Хожели, Шымбай ҳәм Қоңырат районларында өткерилген жас ҳәўескерлер коллективин көзден өткериўдиң жеңимпазлары театр сахнасында өз өнерлерин көрсетти. Әсиресе, Тахтакөпир районлық мәденият үйиниң хызметкери А. Әжиниязованың туўылған жер ҳаққындағы, Қараөзек районлық мәденият үйиниң хызметкери И. Оразовтың ҳәзил қосықлары, сондай-ақ, Қарақалпақстан Ленин комсомолы сыйлығының лауреатлары болған Кегейли районының «Жайҳун» эстрадалық ансамбли ҳәм Нөкис қалалық «Ағыўлар» аяқ-ойыншылар ансамблиниң атқарған қосық және миллий аяқ ойынлары тамашагөйлер тәрепинен үлкен қанаатланыўшылық пенен жыллы қабыл алынды. Кешениң айрықшалығы сонда ҳәўескерлер коллективи концерттен түскен қаржыны қайырхомлық фондына өткереди.

Мине, мәденият тараўындағы усындай қала ҳәм район күнлериниң шөлкемлестирилиўи халық арасынан талантлы жасларды излеп табыўда ҳәм оларды таңлап алып пропагандалаўда нәтийжели табысларды қолға киргизбекте.

Б. САПАРОВА.

Ж. ЖАҚСЫМУРАТОВтың түсирген сүўретлери.



Сүўретши күлдиреди

…КЕЎЛИМДЕ АЙТАТУҒЫН КӨП ӘРМАНЛАРЫМ БАР ЕДИ, БИРАҚ МИНБЕРГЕ ШЫҚҚАН СОҢ АЙТАР СӨЗЛЕРИМДИ УМЫТЫП ТУРМАН...

С. ЕМБЕРГЕНОВтың сызған ҳәзил сүўрети.

Редактор К. РЕЙМОВ.

742000 НӨКИС ҚАЛАСЫ, К. МАРКС КӨШЕСИ № 9.

ТЕЛЕФОНЛАР: Редактор 2—20—21, жуўаплы секретарь 2—20—23, бөлимлер 2—20—25, машинкалар бюросы. 4—39—66.

Қарақалпақстан АССР баспа полиграфия ҳәм китап саўдасы ислери бойынша мәмлекетлик комитетиниң Нөкистеги «Правда»ның 50 жыллығы» полиграфкомбинаты.

Заказ 504. ИНДЕКС 64612. Тиражы 28385 РК 30012